

Kòd konduit ak plan sekirite pou tout distri a

Depatman Edikasyon (DOE) Vil Nouyòk angaje pou asire anviwònman lekòl nou yo gen lòd, sekirite ak sennesof kote elèv ka satisfè nòm akademik elve, edikatè ka anseye pou reyalize objektif sa yo epi paran ka gen asirans pitit yo ap aprann nan yon anviwònman san danje ak pozitif. Yon lekòl sennesof ak favorab depann sou efò tout manm kominote lekòl la pou trete yonn lòt ak respè.

Lwa eta a egzije pou DOE kreye yon Plan sekirite onivo distri ki konsidere jesyon pou ijans ak entèvansyon pou katastwòf, ak yon Kòd konduit ki kontwole konpòtman elèv. Anplis, yo egzije pou chak lekòl kreye yon plan sekirite onivo bilding lan ki fikse pwosedi sekirite pou bilding, tankou kontwòl vizitè, evakyasyon elèv ak lòt pwosedi ijans ki espesifik pou yon lekòl.

Kòd konduit la ak Plan Sekirite onivo Distri a gen ladan opinyon ak rekòmandasyon Ekip Sekirite onivo Distri a (District-wide Safety Team), epi w ap jwenn moun ki ladan yo pi ba a.

Bagay sa yo souliye eleman kle ki nan Kòd konduit DOE a ak Plan Sekirite onivo Distri a. W ap jwenn lòt enfòmasyon nan Règleman Chanselye a ak nan lòt dokiman sou Règleman ki nan fen dokiman sa a.

1 - Plan pou sekirite lekòl onivo distri:

Plan sa a gen ladan règleman ak pwosedi DOE pou kenbe yon anviwònman aprantisaj sennesof ki gen lòd. Plan sa a gen ladan règleman ak pwosedi DOE pou: bay repons nan zak vyolans ak lòt aktivite kriminel; kontakte ak avèti paran; ak kontakte ak avèti otorite lapolis. Plan an konsidere tou: estrateji pou detekte konpòtman vyolan ki ka rive; estrateji pou entèvansyon ak prevansyon; estrateji pou amelyore kominikasyon pami elèv ak ant elèv ak estaf lekòl; wòl ak responsablite estaf sekirite lekòl; trening pou estaf sekirite lekòl; sekirite bilding lekòl ak aparèy sekirite yo; pwotokòl pou repons nan ka ijans; trening sekirite pou estaf ak elèv, tankou trening sou pwotokòl pou repons nan ka ijans; ak antrènman ak lòt egzèsis pou teste pwotokòl sa yo ak lòt eleman ki nan Plan an.

DOE anplwaye yon ajan anchèf pou ijans (Chief Emergency Officer) ak yon adjwen pou sèvi lè ajan anchèf la absan. Ajan anchèf pou ijans lan responsab pou kowòdone: kominikasyon ant estaf la ak lapolis ak lòt sekouris (first responders); evalye ak revize chak ane Plan sekirite onivo Distri; fè plan sekirite lekòl yo, tankou, plan repons pou ijans, ki konfòm ak konsistan avèk Plan sekirite onivo Distri a; nivo sekirite ak teknoloji bilding lan; trening pou pwoteksyon, sekirite, ak ijans pou estaf ak elèv; ak egzèsis pou repons nan ka ijans.

Ajan anchèf pou ijans lan ansanm avèk Ekip Sekirite onivo distri a evalye Plan sekirite onivo distri a chak ane. Ajan anchèf pou ijans lan se Mark Rampersant. ~~Lè li pa la, se Jay Findling k ap ranpli wòl la.~~

Ekip sekirite onivo distri a:

Ekip onivo distri a gen ladan reprezantan ki soti nan divès ajans ak divizyon DOE, ladan:

- Komite pou règleman nan edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP)
- Federasyon pwofesè ini (United Federation of Teachers, UFT)
- Konsèy sipèvizè ak administratè (Council of Supervisors and Administrators, CSA)
- Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE) DOE
- Jesyon ijans Vil Nouyòk (New York City Emergency Management, NYCEM)
- [Depatman Lapolis Vil Nouyòk \(New York City Police Department, NYPD\)](#) - Divizyon sekirite ~~nan~~ lekòl

(School Safety Division, SSD)

- [FDNY Sèvis Ponpye Vil Nouyòk \(New York City Fire Department, FDNY\)](#)

- Biwo afilyasyon Chanselye DOE pou sekirite ak prevansyon sekirite (Office of Safety and Prevention Partnerships, OSPP)
- Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD)
- Divizyon bilding lekòl (Division of School Facilities, DSF)
- Biwo sante nan lekòl (Office of School Health, OSH) DOE
- Biwo Sèvis legal, (Office of Legal Services, OLS) DOE
- Biwo pou transpò elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) DOE
- Depatman sante ak ijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) Vil Nouyòk

a) [Pwotokòl jeneral pou repons \(General Response Protocols, GRP\)](#)

Sa ki pi ba yo se pwotokòl repons pou ijans lekòl dwe suiv pou lè gen egzèsis fèmen pòt (lockdowns), evakyasyon, hold, ak shelter-in. Chak pwotokòl gen aksyon espesifik estaf ak elèv ki inik nan chak repons. Sa yo se mezi lekòl pran jiskaske sekouris yo rive. Pou tout kat pwotokòl yo, yo dwe rele 911. Si se pa direktè/reprezantan l ki fè apèl la, yo dwe fè l konnen imedyatman gen yon moun ki te rele, dapre CR A -412, ki tabli règleman ak pwosedi konsènan jan pou kontakte Depatman Lapolis Vil Nouyòk (New York City Police Department, NYPD) ak 911 (gade dokiman kle ki pi ba a).

Depatman edikasyon [NYCDOE](#) ak Divizyon sekirite lekòl NYPD te kreye pwotokòl sa yo pou pèmèt lekòl reponn imedyatman ak san danje pou divès tip ijans ki ka rive ni andedan lekòl, oswa nan kominote ki ozalantou a. GRP prepare lekòl yo pou sitiyasyon ijans tankou dife, enkonni ki anndan lekòl la, moun k ap tire nan lekòl la pou moman an oswa sitiyasyon danjre andeyò bilding lekòl la. Pwotokòl sa yo dekri mezi imedyata estaf lekòl ak elèv pral pran jiskaske sekouris yo rive.

Nan tout ijans, motivasyon sou sitiyasyon an enpòtan pou adilt ak elèv ka pran pi bon desizyon an an pou rete ansekirite ak anpwoteksyon.

[Lockdown modere/sevè \(Soft/Hard\)](#)

Soft Lockdown vle di pa gen danje imedyata yo idantifye pou ekip patwòl yo. Nan yon soft lockdown, ekip administratif, ekip repons bilding lan, ak ajan sekirite lekòl (School Safety Agents, SSA) NYPD ap mobilize nan pòs kòmand yo pou tann plis enstriksyon.

Hard Lockdown vle di yo konnen gen yon danje imedyata, epi PÈSÒN pa pral fè okenn aktivite pou patwouye bilding lan. Sa gen ladan bay repons pou yon ensidan pou menas ki aktif.

Yo pral anonse bagay sa yo: "Atansyon: Kounye a nou nan yon Lockdown [[Soft/Hard](#)]. Pran mezi ki apwopriye." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a.)

Tout moun, ladan ajan sekirite lekòl la (SSA) pral pran mezi apwopriye pou lockdown epi tann sekouris rive.

[Elèv gen trening pou:](#)

- Kache epi rete an silans.

[Pwofesè gen trening pou:](#)

- Tcheke koulwa andeyò salklas yo pou wè si gen elèv, klete pòt salklas yo, epi etenn limyè yo.
- ~~Ale kote moun pa ka wè yo~~ [Kache](#) epi rete an silans.
- Tann pou sekouris yo ouvri pòt yo, oswa jiskaske w tande yo bay mesaj "All Clear" la: "Yo leve Lockdown lan" (The Lockdown has been lifted), avèk kèk enstriksyon espesifik aprè.
- Fè apèl pou prezans ak konte elèv yo pa wè epi kontakte direksyon an.

Nan yon Hard Lockdown, gen plizyè ka kote lòt mezi nesès pou diminye danje pou moun. Adilt ak elèv pral bezwen tou pou konsidere tout opsyon ki disponib pandan yon ensidan. Yo ka bezwen kouri kite bilding lan pou rete sennesof epi rele 911 si yo yon kote ki pèmèt yo fè sa. Yo ka bezwen kache (rete nan lockdown) pou asire yo dèyè yon pòt ki fèmèn epi rete ansilans, oswa si yo anfas yon danje ki menasan nan sal oswa nan biwo yo ye a, yo ka bezwen konfwonte agresè a.

Evakyasyon

Sistèm alam dife a se premye alèt pou estaf ak elèv kòmanse yon evakyasyon. Men, kèk fwa kapab se sistèm PA a ak enstriksyon espesifik ki sèvi kòm premye alèt pou evakyasyon. Anons yo ap kòmanse avèk "Attention", apresya, y ap bay enstriksyon espesifik. (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a.)

Elèv gen trening pou:

- Kite tout bagay epi fòmè yon yon sèl liy. Si li fè frèt, yo dwe raple elèv pou pran manto yo lè y ap kite salklas yo. Elèv ki gen rad edikasyon fizik sou yo P AP retounen nan sal vestyè a. Y ap mete elèv ki pa gen rad apwopriye sou yo nan yon kote ki cho pi vit posib.

Pwofesè gen trening pou:

- Pran klasè evakyasyon an (ki gen fèy prezans lan ak kat rasanbleman yo).
- Mennen elèv yo nan lokal evakyasyon yo idantifye nan afich evakyasyon yo. KONTINYE RETE ALEKOUT ENSTRIKSYON ANPLIS.
- Fè apèl epi verifye si tout elèv la.
- Rapòte blesi, pwoblèm, oswa elèv yo pa wè ba estaf lekòl yo avèk sekouris yo lè yo itilize kat rasanbleman (Assembly Cards) yo.

Shelter-In

Yo pral anonse bagay sa yo: "Atansyon: Se yon Shelter-In. Asire ke tout pòt fèmèn." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).

Elèv gen trening pou:

- Rete anndan bilding lan.
- Kontinye travay kòm alòdinè.
- Suiv enstriksyon presi estaf la

Pwofesè gen trening pou:

- Fè moun gen plis enfòmasyon sou sa k ap pase a.
- Kontinye travay kòm alòdinè.

Enstriksyon Shelter-In lan ap rete an vigè jiskaske ou tande mesaj "All Clear": Shelter-In lan leve ("The Shelter-In has been lifted"), avèk kèk enstriksyon espesifik aprè.

Manm Building Response Team lan, sipèvizè etaj yo ak estaf Shelter-in lan pral asire tout sòti byen fèmèn epi yo prale nan pòs kote yo mete yo. Yo dekri estaf sa yo ak responsablite espesifik yo nan chak Plan sekirite bilding.

Hold

Yo fè Hold lè gen yon sitiasyon anndan bilding lekòl la, epi gen bezwen imedya pou rezoud yon pwoblèm ki egzije manm estaf, elèv, ak vizitè pou rete an plas epi kontinye travay kòm alòdinè jiskaske yo anonse "All Clear".

Yo ta ka kòmanse Hold la pou jere yon ensidan nan bilding lan ki pa mete kominote lekòl la andanje, oswa nenpòt lòt premye sekouris yo mande sa a

Hold pa ranplase yon Soft ni Hard lockdown.

Yo pral anonse bagay sa yo: "Atansyon: Se yon Hold. Tout manm estaf lekòl la, elèv, ak vizitè dwe rete kote yo ye a jiskaske w tande mesaj "All Clear." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a.)

Lè yo fin tande anons Hold la:

Estaf lekòl la dwe:

- Fèmen pòt nan lokal kote yo ye a.
- Hold (Rete) nan pozisyon oswa kote yo ye kounye a.
- Kontakte direksyon an pou rapòte elèv ki pa t nan klas la lè yo te anonse Hold la.

Elèv/manm estaf dwe:

- Rete kote yo ye a jiskaske yo fè anons "All Clear".
- Inyore tout son klòch ki jeneralman anonse kou a fini.
- Sonje pa gen itilizasyon lesepase salklas epi tout moun dwe rete nan plas yo jiskaske yo leve Hold la.

b) Repons pou menas, aksyon kriminèl, ak evalyasyon menas:

Responsab lekòl yo dwe mete yo pre pou reponn menas oswa zak kriminèl, elèv, estaf lekòl ak vizitè, depi nan agresyon fizik rive nan menas bonb. Pwosedi pou enfòmè lapolis sou ensidan ki gen rapò avèk lekòl, krim elèv oswa anplwaye lekòl fè oswa ijans medikal ki nan Règleman Chanselye A-412 (gade dokiman enpòtan ki pi ba a) ak lòt règleman tankou pwotokòl pou repons nan ka menas (Threat Response Protocols). Jan yo dekri l pi ba a, yo pral itilize Pwotokòl jeneral pou repons (GRP) pou reponn tout menas ak zak vyolans, ansam ak yon repons imedyà estaf distri ak Sekouris 911 bay. Lè yo rive, yo pral kowòdone tout efò pou repons onivo distri ak ijans avèk responsab lekòl yo ak SSA pou ofri sipò ki espesifik sou ensidan an.

Responsab lekòl yo dwe prepare tou pou reponn menas elèv reprezante pou pwòp tèt yo. Pwosedi pou tabli yon ekip pou katastwòf (Crisis Team) nan lekòl ak pou jere tantativ suisid, konpòtman ak lide suisid nan règleman Chanselye A-755 ak règ yo (gade dokiman enpòtan ki pi ba yo).

Lè yon elev gen konpòtman ki reprezante yon gwo ris chòk pou elèv la oswa pou lòt moun, responsab lekòl yo dwe fè tout efò pou diminye konpòtman an lè yo itilize estrateji ak entèkansyon pou rezoud pwoblèm konpòtman ak lè yo itilize resous ki nan lekòl la ak kominote a ke yo idantifye nan plan pou diminye katastwòf (Crisis De-escalation Plan) nan lekòl la. Anplis, yo dwe bay paran an opòtinite pou pale avèk elèv la si kondisyon sekirite yo pèmèt sa. Gade Règleman Chanselye A-411 pou plis enfòmasyon sou fason pou abòde yon elèv ki nan kriz konpòtman.

c) Estaf sekirite nan lekòl:

An septanm 1998, Depatman Edikasyon (DOE), Chanselye a ak Vil Nouyòk te siyen yon akò pou aplike yon pwogram nan tèt ansanm ant DOE ak Depatman lapolis Vil Nouyòk (NYPD), kote zafè sekirite estaf lekòl la, tankou chwa, deplwaman, trening, evalyasyon ak jesyon estaf sekirite lekòl la ta pral responsablite NYPD. Yo te kontinye akò sa a epi yo te modifye l 19 jen 2019 [nan yon pwotokòl dakò \(Memorandum of Understanding, MOU\) revize](#).

MOU revize a kontinye estrikti a pou bay sekirite nan lekòl DOE yo ak konsidere wòl administratè lekòl, SSA ak NYPD nan kenbe yon anviwònman lekòl ki sennesof ak an sekirite; li konsantre sou wòl prensipal lekòl la nan rezoud pwoblèm move konduit elèv; li defini sikonstans pou lè estaf lekòl ta dwe kontakte SSA pou rezoud pwoblèm konduit elèv; li ofri trening pou ofisyè SSA ak NYPD, paegzanp nan diminye ris; li mete pwosedi pou

lè ak fason NYPD ka kesyone elèv sou pwopriyete lekòl; li mete atant konsènan lè yo ka fè yon arestasyon oswa fè yon konvokasyon avèk mwens represyon ki nesèsè; epi li prevwa distraksyon ak altènatif pou fè arestasyon oswa konvokasyon.

Yo mete MOU ki revize a nan dokiman kle ki pi ba a.

d) Trening ak egzèsis:

Yo egzije pou tout direktè fè trening obligatwa pou preparasyon nan ka ijans (Emergency Readiness), ki valid pou dezan. Yo fè trening pandan mwa jiyè ak out ak pandan ane lekòl la pou nouvo direktè ki kòmanse pozisyon yo apre 1ye septanm.

Tout estaf DOE dwe resevwa trening chak ane sou pwosedi pou ijans yo itilize nan bilding lekòl ak nan bilding administratif ajans yo, ansanm ak depistaj konpòtman vyolan byen bonè. Yo bay tout lekòl yon trening jounen ouvèti chak ane (Annual Opening Day Training Deck) pou fasilite trening sa a avan 15 septanm ak lè sa nesèsè pandan ane lekòl la pou nouvo anplwaye. Estaf DOE ki pa nan bilding lekòl dwe fè yon modil trening sou entènèt avan 15 septanm oswa nan espas 30 jou apre yo fin anboche yo.

Tout elèv dwe resevwa trening sou pwotokòl pou bay repons nan ijans ak resous ki disponib nan lekòl nan kòmansman chak ane lekòl. Yo dwe fè leson ki evalye GRP a avèk tout elèv nan kòmansman chak ane lekòl. Materyèl trening tankou PowerPoints, videos, ak plan leson ap disponib pou lekòl nan objektif sa a.

Yo dwe pataje avèk fanmi enfòmasyon ki konsidere pwosedi pou ijans nan lekòl, tankou GRP, nan kòmansman chak ane lekòl tou. Yo bay lekòl yon lèt entwodiksyon ak yon rezime pwosedi pou ijans lan pou yo distribiye bay fanmi.

Yo egzije pou tout lekòl fè egzèsis sa yo ki teste eleman twoma plan repons pou ijans yo a. Egzèsis obligatwa sa yo dwe gen ladan tout elèv ak manm estaf ki bezwen asistans espesyal nan ka evakyasyon ann ijans, yo dwe deplase ale mete nan sal FDNY apwouve pou sa, zòn sekou pou lè gen dife, zòn asistans pou sekou, oswa sal retrèt komite sekirite lekòl la idantifye lè FDNY pa idantifye sal pou bay asistans.

Direktè ~~yo lekòl~~ dwe fè ~~yon minimòm 12~~ egzèsis pou ijans sa yo chak ane lekòl, ~~yo dwe fè uit ladan yo nan delè 31 desanm. Uit egzèsis yo dwe gen ladan yo:~~

- Omwen 8 egzèsis sou evakyasyon ~~ak lockdown. Omwen kat nan 12 egzèsis yo dwe se egzèsis lockdown, yonn, 6~~ ladan yo dwe fèt nan delè 31 desanm.
- Omwen 4 egzèsis sou lockdown, 2 ladan yo dwe fèt nan delè 31 desanm. Yon egzèsis lockdown dwe fèt nan delè 31 oktòb epi yon lòt ant 1ye fevriye ak 14 mas.

Y ap fè egzèsis yo nan sikonstans ki varye nan jou ak lè ki varye, tankou peryòd manje midi ak nan lè yo pa anonse pou fè similasyon sityasyon reyèl ijans.

Direktè lekòl dwe asire ke egzèsis ki fèt pandan jounen lekòl la ak elèv yo prezan yo fèt nan yon fason ki enfòmè sou chòk, devlopman, ak laj ki apwopriye epi yo pa dwe gen ladan akseswa, aktè, similasyon, ni lòt taktik ki gen entansyon imite yon fiziyad lekòl oswa lòt aksyon vyolans oswa ijans. Nan moman y ap fè egzèsis yo, yo dwe fè elèv ak manm estaf konnen aktivite y ap fè yo se egzèsis. Yo dwe fè paran oswa moun ki nan relasyon paran avèk elèv la konnen omwen yon semèn avan egzèsis la.

Lekòl ka patisipe sèlman nan egzèsis konplè jan DOE ak sekouris ijans lokal yo ak ofisyèl preparasyon yo devlope ak pwograme yo. Yo pa dwe pwograme egzèsis sa yo nan yon jounen regilye oswa lè aktivite lekòl la ap fèt sou pwopriyete lekòl la. Egzèsis sa yo pa ka gen ladan elèv san konsantman alekri paran yo oswa moun ki nan relasyon paran avèk yo.

Nan kolaborasyon avèk sekouris Vil Nouyòk (NYPD, FDNY, ak NYCEM), DOE obsève divès egzèsis nan diferan bilding lekòl nan chak borough pou evalye repons yo bay pou ijans ki mande yon evakyasyon, shelter-in oswa lockdown. Ekip la mande lidè lekòl, ansanm ak yon demand bòkote plizyè ajans pou evalye efikasite ak idantifye nenpòt kote ki ta egzije koreksyon.

e) Avi pou paran:

Menas pou komèt yon zak vyolans oswa zak vyolans reyèl ki rive nan yon lekòl afekte tout kominote lekòl la okonplè. Nan ka menas oswa zak vyolans, responsab lekòl yo dwe prepare pou kontakte ajan polis ki apwopriye (jan yo di I pi wo a) ak avèti, san delè, kominote lekòl la, espesyalman paran timoun ki nan lekòl la. Yo dekri règleman ak pwosedi DOE pou avèti paran (nan lang yo chwazi) nan CR ak nan Règleman yo (gade dokiman kle ki pi ba yo). An konfòmite avèk CR A-415, paran, estaf ak otorite ki eli ka enskri volontèman pou resevwa avi sou ijans atravè tèks mesaj elektwonik, apèl telefòn ak/oswa kourye elektwonik atravè NotifyNYC. Anplis, lidè lekòl ka sèvi avèk sistèm avi espesifik lekòl la pou alète paran ak kominote lekòl la sou ijans espesifik ki rive nan lekòl la. DOE devlope yon zouti ansekirite pou pase mesaj ki pèmèt lekòl yo kreye ak voye mesaj ba fanmi, elèv ak estaf. Lekòl ka voye avi nan tan reyèl bay fanmi yo apati yon aparèy mobil oswa yon òdinatè si ta gen yon ijans, tankou yon lockdown, evakyasyon, hold, oswa shelter in. Lè yo voye mesaj ki pa gen ladan opsyon modèl mesaj otomatik, lekòl yo dwe pale avèk sipèntandan, konseye anchèf ak Biwo laprès pou prepare avi sa yo.

2- Plan sekirite lekòl onivo bilding (Building-Level School Safety Plan):

Dapre CR A-414, (gade dokiman kle ki pi ba a) chak lekòl dwe tabli yon komite pou sekirite lekòl pou devlope yon plan sekirite onivo bilding lekòl (building-level school safety plan). Chak komite dwe gen ladan moun sa yo: Reprizantan sendika UFT; enjenyè/reprizantan jeran k ap pan swen lekòl la; Nivo III Ajan Sekirite Lekòl/reprizantan ki nan lekòl la; ofisyèl lapolis ki nan zòn lan; Prezidan/reprizantan Asosyasyon Paran; Nitrisyonist/reprizantan sèvis manje pou lokal la; kowòdinatè transpò lekòl; manm estaf lekòl la ki reprezante DC-37; manm kominote an; otorite ponpye zòn lan, ambulans lokal oswa lòt ajans pou repons nan ka ijans; reprizantan elèv yo (lè sa apwopriye); ak nenpòt lòt moun direktè a jije apwopriye. Jan yo di sa nan chak plan sekirite lekòl, yo egzije chak lekòl pou tabli yon chèn kòmand (Chain of Command) ak plizyè ekip, tankou yon Building Response Team ak yon Crisis Team, ak pou nome estaf administratif, ki kowòdone repons lekòl la nan sitiyasyon ijans.

Plan an dekri tou, pami lòt bagay, rantre bilding lekòl la ak pwosedi pou kontwòle vizitè; travay sekirite ak orè; pwosedi pou enkoni; sistèm kominikasyon pou ijans, ki gen ladan non ak nimewo telefòn estaf lapolis ki apwopriye; pwotokòl pou elèv yo pa wè; evalyasyon risk kòm yon pati nan pwogram pou prevansyon vyolans nan travay; pwosedi pou alam ki nan pòt yo ak pwosedi pou evakyasyon pou tout manm estaf ak elèv, tankou elèv ki bezwen asistans espesyal nan yon evakyasyon ijans, ak plan etaj bilding. Chak plan dekri wòl Building Response Team lan ak trening pou konsidere tout pwotokòl repons pou ijans pou elèv ak estaf. Chak plan onivo bilding tabli pwotokòl pou reponn nan ka ijans tankou pwodui danjere ki tonbe atè, enkoni, menas bonb, sitiyasyon priz otaj oswa fiziyad; paegzanp si pou yo evakye, shelter-in, hold, oswa lockdown.. Plan onivo bilding lan dwe konsistan avèk yon fòm plan sekirite Office of Safety and Prevention Partnerships (OSPP) kreye epi yo dwe revize l chak ane. Enfòmasyon sou sekirite onivo bilding yo ka pataje avèk estaf ak fanmi disponib, si yo mande, nan men chak direktè nan vèsyon plan sekirite lekòl la pou estaf oswa paran. Gen yon fòm gid paran an ki nan seksyon dokiman kle ki pi ba a. Dapre lwa edikasyon eta a, plan repons ijans onivo bilding lan dwe konfidansyèl epi yo pa dwe devwale l.

[Plan sekirite lekòl nan nivo bilding lan gen ladan pwosedi pou aktivite ak evènman apre lekòl, ki konsistan avèk egzijans lalwa Eta a ki aplikab yo.](#)

3- Ekip repons santral (Central Response Team, CRT) DOE

Yo te kreye Ekip repons santral la (Central Response Team, CRT) pou lidèchip DOE ka aplike yon estrateji repons global pou ijans ki ta pèmèt divès biwo DOE kowòdone lè yon ensidan rive sou pwopriyete DOE ki egzije repons plizyè divizyon DOE ak/oswa ajans/konpayi sèvis piblik deyò. CRT a pral reponn tou lòt evènman tankou move kondisyon tanperati ak itilizasyon lekòl pou rezoud yon ijans sante piblik. CRT a pral fasilite koleksyon done ak enfòmasyon k ap pèmèt Senior Leadership la pran desizyon atan epi voye avi byen vit ba estaf DOE ki enpòtan. CRT a aktive nan biwo santral DOE yo pou evalye efè yon sitiyasyon ki afekte sante/sekirite elèv ak fonksyonman ekipman/enstalasyon ki nan bilding lekòl la. Lè yo fè sa, CRT a pral kominike ris ak mezi pou kominote lekòl la pran, poze kesyon apre chak aktivasyon pou kontinye amelyore preparasyon ak mezi prevansyon pou lòt ensidan alavni.

CRT a kenbe bon jan relasyon avèk lòt ajans Vil Nouyòk tankou NYPD, FDNY, MTA, NYCEM ak lòt ekip jesyon ijans nan divès ajans tankou DOHMH ak DSS; pafwa CRT a pral angaje avèk lakwa wouj Ameriken (American Red Cross). Nan DOE, CRT a asire efò tout ekip enpòtan DOE yo nan domèn lan, tankou sa yo ak lòt bagay ankò: Enstalasyon lekòl ak Direktè adjwen enstalasyon (Deputy Directors of Facilities, DDF) li yo; Afilyasyon pou sekirite ak prevansyon (Safety and Prevention Partnerships) ak Direktè sekirite pou Borough (Borough Safety Directors, BSD), yo kowòdone. DDF ak BSD se sipò dirèk nan yon ijans pou direktè ak lidè chak ekip repons bilding (Building Response Team, BRT) nan chak lekòl.

4- Planifikasyon pou fonksyonman kontinye (Continuity of Operations Plan, COOP)

Plan DOE pou fonksyonman kontinye (Continuity of Operations, COOP) se yon apwòch ki pran ankò tout danje pou pèmèt sèvis ki esansyèl yo kontinye fèt menm lè gen entèripsyon. Yo fè mizajou chak twa mwa nan plan an ak yon revizyon egzekitif DOE chak ane, avèk Jesyon Ijans Vil Nouyòk k ap sipèvizè l dapre dekrè egzekitif 107 la. [COOP-DOEPlan an](#) konsidere konpozan ak pwosesis enpòtan pou chak sèvis ki esansyèl, tankou lòd siksesyon, delegasyon otorite, enstalasyon altènatif, kontinwite nan kominikasyon, jesyon dosye enpòtan, kapital imen, pwotokòl pou fè delegasyon pouvwa, ak pwosedi rekonstitisyon. Efikasite plan an amelyore atravè tès ak fòmasyon chak ane.

Plan [COOP-depatman](#) an konsidere yon kantite domèn ki gen rapò avèk ijans, pami yo bagay sa yo:

- Asire sekirite ak pwoteksyon bilding yo (sekirite vi moun) – Kenbe bilding lekòl yo ansekirite, byen pwoteje, ak k ap fonksyone (pa egzanp: sistèm dife, kadna pòt, sòti ijans).
- Kowòdone kominikasyon pou ijans (sekirite vi moun) – Jere alèt, avi, ak kominikasyon pandan kriz (pa egzanp: lè gen ijans, lè lekòl fèmen).
- Bay enstriksyon edikasyon (Sèvis piblik Enpòtan) – Bay ansèyman ak aprantisaj, kit se anpèsòn kit se adistans, pou asire elèv kontinye resevwa edikasyon.
- Bay sèvis sipò pou elèv (sèvis piblik enpòtan) – Ofri konsèy, edikasyon espesyal, sèvis sante, ak lòt asistans pou elèv.
- Kenbe nitrisyon ak byennèt elèv (sèvis piblik enpòtan) – Asire gen aksè pou manje (maten/midi) ak bezwen debaz pou elèv, sitou pou elèv ki nan bezwen yo.
- Fè enfrastrikti teknoloji fonksyone – Kenbe sistèm IT kritik yo ap fonksyone (pa egzanp: entènèt, aparèy, platfòm aprantisaj sou entènèt).
- Pwosesis pou pewòl ak fonksyonman esansyèl resous imèn – Asire estaf ak pwofesè resevwa peman alè epi resous imèn kontinye fonksyone.
- Jere fonksyon administratif enpòtan – Jere papye enpòtan, bidjè, konfòmite, ak operasyon pou lekòl yo kontinye fonksyone.

5 - Transpò

Dapre Règleman Chanselye A-801 (gade Dokiman enpòtan pi ba a), DOE bay transpò nan lekòl leta, charter ak lekòl ki pa leta pou tout elèv Vil Nouyòk ki elijib. An patenarya avèk Metropolitan Transit Authority (MTA) ak konpayi otobis yo, misyon nou se asire transpò an sekirite epi fyab pou ale-retou lekòl. Se Biwo transpò elèv ([OPT](#)) ki kowòdone ak jere travay sa a.

OPT itilize yon apwòch konplè ki gen kat pati pou bay sekirite elèv priyorite, mete aksan sou fòmasyon manm estaf, jesyon mendèv, antretyen machin, ak jesyon ensidan.

Trening estaf: Leta mande konpayi otobis ki gen kontra pou fè fòmasyon resiklaj pou tout chofè otobis ak asistan. Anplis, DOE bay yon fòmasyon chak ane tou pou anplwaye otobis itilize imedyatman. Sijè yo kouvri yo gen ladan:

- Inisyativ kondui ki pi ansekirite Vizyon Zewo .
- Ogmante motivasyon sou teknik kondui pou amelyore sekirite.
- Kòman pou kondui yon otobis san danje, tankou manèv pou leve ak sekirize chèz woulant.
- Kijan pou anbake/debake/pran swen timoun nan yon otobis.
- Pran swen timoun ki gen bezwen espesyal.

Jesyon mendèv: Yon ekip devwe nan OPT responsab pou asire konfòmite ak konduit manm estaf, tankou:

- Asire tout sètifika, fòmasyon ak lisans pou mete manm estaf ajou.
- Asire yo jere move konduit manm estaf kòmsadwa epi rapidman, ladan sispansyon ak transfè anplwaye.
- Enspeksyon manm estaf sou teren machin yo pake pou asire se estaf sètifye k ap manevre epi okipe machin yo.
- Antretyen machin: Yon ekip devwe nan OPT asire sekirite ak antretyen machin, ladan enspeksyon machin sou teren otobis yo pake pou asire se machin OPT sètifye k ap travay.
- Egzijans ki gen rapò avèk kondisyon ansyen machin pou asire machin yo ajou.
- Sistèm GEOTAB (GPS) pou suiv konpòtman chofè ak sekirite.

Jesyon ensidan gen ladan:

- Revizyon chak jou, nan tan reyèl ensidan ki rive nan otobis pou asire sekirite elèv.
- Rapidman fè suivi ak idantifikasyon pwochen etap avèk lekòl yo rapid, manm estaf OPT entèn, estaf DOE ki soti nan lòt divizyon, ak konpayi otobis.
- Revizyon done pou idantifye lekòl ak trajè otobis ki bezwen fòmasyon ak sipò presi.

6 - Kòd Konduit

Kòd konduit la gen ladan règleman ak pwosedi DOE k ap kontwòle konduit elèv tankou Atant konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv (Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning) (Kòd disiplin), ki fikse nòm konpòtman yo atann ak yon seri entèvansyon, sipò ak sanksyon pou move konduit; dispozisyon pou rezoud ak bay repons pou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans; Règleman ak pwosedi pou ekspilsyon ak sispansyon; Règleman ak pwosedi pou voye avi bay paran (nan lang yo chwazi); kondisyon pou fè rapò; kondisyon pou avize lapolis; kondisyon pou trening estaf; ak Lwa sou dwa ak responsablite elèv (Bill of Student Rights and Responsibilities), ki konsantre sou konpòtman pozitif ak sou bati yon klima lekòl ki sennesof ak pozitif.

~~Yon timoun ki poko gen 18 ane ki pa ale lekòl, ki konpòte l yon fason ki danjre oswa enkontwòlab, oswa ki dezobeyi paran, responsab oswa lòt otorite souvan, yo sipoze refere li bay Pwogram evalyasyon fanmi (Family Assessment Program). Yo egzije pou paran resevwa sèvis divèsyon atravè pwogram evalyasyon fanmi~~

(Family Assessment Program, FAP) ki nan Administrasyon sèvis timoun (Administration for Children's Services, ACS), avan yo fè yon demand PINS. Sitwèb FAP la gen ladan enfòmasyon sou PINS. (<https://www1.nyc.gov/site/acs/justice/family-assessment-program.page>). Paran ka mande sèvis prevansyon volontè lè yo rele Liy èd prevansyon an nan (212) 676-7667. Lekòl la kapab tou idantifye sèvis yo epi konekte fanmi an avèk founisè a. ([ACS - Sèvis prevansyon \(nyc.gov\)](#)) Lè gen akizasyon absanteyis ak/oswa move konduit nan lekòl, FAP oswa founisè prevansyon pral revize etap lekòl la te pran pou amelyore prezans/konduit jèn lan nan lekòl epi l ap eseye angaje lekòl la nan lòt efò prevansyon anplis. FAP pral kontakte lekòl la pou rezoud pwoblèm absanteyis oswa pwoblèm konduit nan lekòl pou evite nesite pou pote yon plent oswa pou konpanse akizasyon ki gen rapò avèk edikasyon an. Yo ta ka mande manm estaf DOE yo pou bay dokiman sou entèvansyon yo ak rezon ki fè pwoblèm akademik yo pa ka rezoud san yo pa fè demand pou yon PINS. Jij tribinal fanmi (Family Court Judge) an ka mande pou estaf lekòl la parèt tribinal lè yo fè demand yon PINS epi tribinal la kwè estaf lekòl la ka ede rezoud pwoblèm ki gen rapò avèk edikasyon.

a) Kòd disiplin:

Kòd disiplin lan tabli yon estrikti pou bay repons pou move konduit elèv. Li di yo dwe fè tout efò posib pou korije move konpòtman elèv atravè counseling ak lòt entèvansyon nan lekòl la tankou pratik koreksyon yo. Li di pi lwen sanksyon ki apwopriye ta dwe konsantre sou prevansyon ak entevansyon ki efikas, ankouraje andirans, anpeche entèripsyon nan edikasyon elèv ak ankouraje yon kilti lekòl ki pozitif. Li gen ladan yon seri entèvansyon ak sipò ak sanksyon pwogresif ki apwopriye dapre laj ke yo ka itilize pou bay repons pou move konduit elèv.

b) Estrateji pou entèvansyon:

Nou atann pou chak lekòl ankouraje yon kilti ak yon klima lekòl pozitif ki ofri elèv yon anviwònman favorab kote pou yo fè pwogrè ni onivo akademik ni onivo sosyal. Nou atann pou lekòl yo antisipe nan devlopman konpòtman pozitif elèv lè yo ofri pakèt sipò pou yo gen bon konpòtman, epi bay yo bon jan opòtinite pou fè aprantisaj sosyo-emosyonèl.

Manm estaf lekòl yo responsab pou abòde move konpòtman elèv ki deranje aprantisaj. Yo atann pou responsab, pwofesè, konseye ak lòt estaf lekòl yo angaje tout elèv nan estrateji entèvansyon ak prevansyon ki konsène pwoblèm konpòtman elèv epi pale sou estrateji sa yo ak elèv la ak paran l.

[Lè yon timoun pa ale lekòl oswa kòmanse gen konpòtman ki bay pwoblèm oswa paran oswa responsab gen difikilte pou gen kontwòl timoun sa a, fanmi ka ale nan Administrasyon pou sèvis timoun \(Administration for Children's Services, ACS\), Pwogram evalyasyon fanmi \(Family Assessment Program, FAP\) oswa liy sipò ACS nan 212 676-7667 si l bezwen plis sipò.](#)

Yo dekri estrateji entèvansyon yo nan kòd disiplin lan epi li ka gen ladan konferans oryantasyon ; motivasyon paran; rezolisyon konfli; rapò pwogrè konpòtman akoutèm; kontra endividyèl pou konpòtman; counseling pou fè entèvansyon; rekòmandasyon ba ekip pèsònèl elèv; pratik reparasyon; rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon; counseling endividyèl oswa angwoup; plan sipò endividyèl; rekòmandasyon pou sèvis counseling; sèvis ankadreman (mentoring); aprantisaj sosyo-emosyonèl; ak koneksyon nan yon òganizasyon kominotè. Yo atann pou lekòl dokimante entèvansyon yo aplike pou elèv epi evalye enpak apwòch sa yo regilyèman.

[Atravè itilizasyon estrateji pou entèvansyon ak prevansyon ki angaje elèv epi ki ba yo yon sans objektif, manm Manm estaf lekòl fasilite kwasans akademik ak sosyo-emosyonèl elèv, epi ede l swiv règleman ak prensip lekòl la \[atravè estrateji sou entèvansyon ak prevansyon ki angaje l epi bay lavi l yon sans.\]\(#\)](#)

Nan salklas la, pwofesè yo itilize divès teknik akademik ak konpòtman pou reyalize yon anviwònman aprantisaj maksimòm. Ekip entèdisiplin ki gen ladan estaf sipò tankou konseye pedagogik fè pati chak lekòl. Ekip sa yo rankontre regilyèman pou kreye ak aplike estrateji pou rezoud pwoblèm espesifik elèv ki "riske" rankontre.

Lè sa apwopriye, yo dwe pran sanksyon pwogresif ki apwopriye dapre laj selon pwosedi ki nan CR A-443 ak nan Kòd disiplin lan. (gade dokiman enpòtan ki ba a).

c) Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak bullying:

Se règleman Depatman Edikasyon (DOE) pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak akademik ki sennesof ak favorab ki pa gen arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv kont lòt elèv sou baz ras, koulè, peyi orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun ekspri sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè moun. Règleman DOE a nan Règleman Chanselye CR A-832 ak nan Kòd disiplin lan. (gade dokiman kle ki pi ba yo) Dokiman sa yo tabli pwosedi pou anpeche, rapòte, envestige ak bay repons pou konpòtman sa yo.

Yo dwe bay tout elèv ak estaf trening sou kondisyon ki nan CR A- 832. OSYD bay plizyè resous, tankou leson ak kourikoulòm ak yon gid aplikasyon detaye, pou ede lekòl yo bay elèv yo enfòmasyon sa yo. Anplis, li devlope trening ak mete yon platfòm trening ak resous siplemantè, lidè lekòl yo ka itilize pou satisfè kondisyon pou fè trening pou tout anplwaye, tankou estaf ki pa anseyan.

d) Angajman ak avi paran:

Elèv, paran ak estaf lekòl la yo tout gen yon wòl nan kenbe lekòl yo ansekirite epi yo dwe kolabore yonn ak lòt pou reyalize objektif sa a. Estaf lekòl dwe kenbe paran okouran konpòtman pitit yo epi konsidere paran kòm patnè nan chèche rezoud pwoblèm yo. Sofsi gen yon lòd tribinal bay ki limite aksè, paran elèv ki nan fwaye dakèy (foster care) gen dwa pou yo enfòmasyon yo sou konpòtman pitit yo ak sanksyon yo pran anplis paran dakèy la ak ajans lan.

Pou garanti paran yo kapab vin tounen patnè ki angaje nan ankouraje yon anviwònman lekòl ki sennesof ak favorab, yo ta dwe vin abitye ak Kòd disiplin lan.

Nou ankouraje lekòl yo fè atelye travay pou paran ka konprann Kòd disiplin lan ak kòman pou yo travay pi byen avèk lekòl la pou kore pwogrè sosyo-emosyonèl pitit yo. OSYD devlope ak mete platfòm trening atelye travay disponib pou ede administratè ak kowòdonatè paran nan prezante enfòmasyon sou Kòd disiplin lan ba paran.

Edikatè yo responsab pou enfòmasyon paran sou konpòtman pitit yo ak pou favorize ladrès elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan lekòl ak nan sosyete a. Yo ankouraje paran pou pale ak pwofesè pitit yo ak lòt estaf lekòl la sou pwoblèm ki ka afekte konpòtman elèv ak estrateji ki ka efikas lè y ap travay avèk elèv la.

Paran ki vle pale sou sipò ak entèkansyon kòm repons pou konpòtman elèv sipoze kontakte lekòl pitit yo, pa egzanp kowòdonatè paran an oswa si sa nesèsè, yo ka kontakte Biwo pou ranfòsman fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment).

Si yon elèv gen yon konpòtman ki pa apwopriye, ki vyole Kòd disiplin lan, direktè a oswa reprezantan l dwe rapòte konpòtman an bay paran elèv la.

e) Trening:

Premye priyorite DOE se asire chak timoun aprann nan lekòl ki gen sekirite, ki bay anpil sipò ak ki akeyi tout moun. Pou fè sa, DOE itilize metòd reparasyon ki konsidere koz reyèl konfli yo ansanm ak ranfòse konpòtman ki pozitif tou atravè moman opòtinite pou aprantisaj. DOE bay pwofesè yo resous pou sipòte kapasite sosyo-emosyonèl ak byennèt elèv yo, epi kòm konsekans, li redui itilizasyon sispansyon oswa lòt sanksyon.

Fason elèv konpòte yo nan lekòl se yon faktè enpòtan pou tabli ak kenbe yon kominote lekòl ki gen respè ak sekirite. Pou ankouraje konpòtman pozitif elèv, tout manm kominote lekòl la—elèv, estaf ak paran—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman yo atann pou tout elèv yo respekte ak repons ki genyen si yo pa respekte nòm konpòtman yo.

Lekòl mete apa tan pou gade Kòd disiplin lan, [Student Bill of Student Rights and Responsibilities](#) ak règleman sou itilizasyon ak sekirite ki akseptab sou entènèt avèk elèv (Internet Acceptable Use and Safety Policy, IAUSP) DOE. Kòd konduit la aplike pou konpòtman elèv ni anpèsòn ni sou entènèt. Lekòl pral edike elèv ak fanmi sou sitwayènte dijital ak prevansyon pou entimidasyon sou entènèt (cyberbullying), ki gen ladan atant sou respè kominikasyon an liy, vi prive ak sekirite. Yo pral tabli bonjan mekanis klè pou ede elèv, fanmi ak estaf rapòte ensidan ki gen rapò avèk kominikasyon elektwonik, tankou bullying, arasman oswa entimidasyon nan anviwònman dijital.

Fason ki pi efikas pou asire elèv konprann ak sipòte Kòd disiplin lan se atravè enstriksyon nan salklas ki apwopriye dapre laj yo. Yo dwe bay tout elèv omwen yon leson sou kòd disiplin lan. DOE mete disponib plan leson ki apwopriye pou laj ki baze sou nòm ki gen ladan yo egzèsis entèaktif, pwojè ak opòtinite yo sijere pou eksperyans aprantisaj nan kolaborasyon pami elèv yo ak yon platfòm trening atelye travay pou elèv.

Lekòl yo dwe gade Kòd disiplin lan avèk tout manm estaf la epi fè yon atelye travay pou diskite objektif kòd la. Yon modèl platfòm trening atelyetrayay pou fòmasyon pwofesyonèl, ki gen ladan egzèsis entèaktif, disponib pou lekòl yo itilize.

7 - Prevansyon vyolans nan travay

Apati janvyè 2024, DOE te aplike yon Règleman pou prevansyon vyolans nan travay ki fèt pou satisfè egzijans Lwa pou Prevansyon Vyolans nan Travay la (Lwa Travay Eta New York Atik 2, Seksyon 27-b).

Nan objektif règleman sa a, yo defini vyolans nan espas travay kòm nenpòt agresyon fizik oswa konpòtman agresif ki fèt kote yon manm estaf fè nenpòt bagay ki gen rapò avèk travay li pandan tan li t ap travay la.

Yo ka rele lapolis pou moun ki vyole Règleman sa a, retire yo sou pwopriyete DOE, ak/oswa yo ka pran sanksyon ak/oswa aksyon pèsonèl ki konsistan avèk règleman, règ, ak akò negosyasyon kolektif DOE. DOE kreye tou yon [Pwogram prevansyon vyolans nan travay \(Workplace Violence Prevention Program\)](https://infohub.nyced.org/nyc-doe-roles/human-resources/employee-safety-and-health/workplace-violence-prevention) pou sipòte yon anviwònman travay kote yo byen abòde vyolans oswa sitiyasyon vyolans ki ka rive, avèk yon konsantrasyon sou prevansyon. Yo pral egzije tout anplwaye pou patisipe nan trening anyèl kòm yon pati nan pwogram sa a.

8- Opòtinite egalego nan travay (Equal Employment Opportunity, EEO)

DOE mete adispozisyon tout anplwaye plizyè règleman sou opòtinite egalego nan travay (EEO) ak resous apwopriye. Resous sa yo ankouraje yon sans apatenans, byennèt, kominote, respè ak sekirite pou estaf, tankou:

- [Règleman pou divèsite ak enklizyon konplè DOE;](#)
- [Règleman kont diskriminasyon ak Règleman Chanselye A-830;](#)
- [Divèsite Founisè ak Antrepriz Biznis Minorite/Fanm Posede \(MWBE\);](#)
- [HR Connect: Akomodasyon rezonab;](#)
- [Gwoup resous pou anplwaye \(Employee Resource Groups, ERGs\); ak](#)
- [Pwogram asistans pou anplwaye NYC \(NYC Employee Assistance Program\);](#)
- [Biwo akomodasyon pou andikap \(Office of Disability Accommodations\)](#)
- [Règleman EEO Vil Nouyòk](#)
- [Règleman sou divèsite ak enklizyon](#)
- [Règleman san diskriminasyon](#)
- [Règleman Chanselye A-830](#)
- [Divèsite Founisè ak Antrepriz Biznis Minorite/Fanm Posede \(Supplier Diversity and Minority/Women-owned Business Enterprises, MWBEs\)](#)
- [HR Connect: Akomodasyon rezonab;](#)

- [Gwoup resous pou anplwaye \(Employee Resource Groups, ERGs\)](#)
- [Pwogram asistans pou anplwaye NYC](#)
- [Biwo akomodasyon pou andikap \(Office of Disability Accommodations\)](#)
- [Règleman pou opòtinite egale pou djòb Vil Nouyòk](#)

9- Plan sou entriksyon adistans nan ka ijans (Emergency Remote Instruction Plan)

DOE tabli règleman ak pwosedi pou asire aparèy enfòmatrik pral disponib pou elèv yo oswa lòt mwayen kote elèv pral patisipe nan enstriksyon senkwonize. Yo mete anplas lòt règleman ak pwosedi anplis pou asire elèv k ap resevwa aprantisaj adistans dapre ka ijans ap gen aksè koneksyon entènèt.

a) Aksè nan aparèy elektwonik

DOE gen pwosedi pou kontwòl aparèy yo bay elèv yo. Sa gen ladan aksè elèv genyen nan aparèy pèsònèl ansanm ak aparèy DOE bay, pou asire tout elèv ki bezwen yon aparèy pou jwenn aksè nan ansèyman adistans ka jwenn youn. Lekòl pral bay priyorite pou distribisyon aparèy onivo santral yo bay elèv ki bezwen youn. Lè rezèv aparèy ki finanse onivo santral yo fini, lekòl yo ka distribye aparèy yo achte bay elèv yo. Lekòl yo ka prete yon elèv yon aparèy akoutèm si yo prevwa yon jou aprantisaj adistans. ~~Si sa nesèsè, lekòl ka achte aparèy anplis ak lajan lekòl yo atravè kontra DOE ki egziste deja.~~ Lekòl dwe revize bezwen, envantè, kondisyon ak fonksyonman aparèy chak ane epi bay finansman nesèsè pou reyapwovizyon ak ranplase aparèy pou asire elèv gen aksè konsistan nan teknoloji ki efikas.

~~Depi 2020, nou te achte ak distribye apeprè 550000 iPad ak 200000 Chromebook epi distribiye yo bay elèv ak lekòl pou elèv yo itilize. DOE pral kontinye bay elèv ki bezwen aparèy elektwonik.~~

b) Aksè nan entènèt

DOE itilize repons ki nan sondaj dijital fanmi sou ekite (Digital Equity Family Survey) la pou ede lekòl yo idantifye fanmi ki pa gen aksè entènèt Wi-Fi lakay yo.

Nan tout limit posib, ~~DOE~~ lekòl ap sipòte elèv ak fanmi pou gen aksè entènèt lakay yo.

Tout elèv k ap itilize aparèy LTE yo te achte onivo santral te vin gen sèvis entènèt san fil. Lekòl resevwa enstriksyon pou sipòte fanmi yo pou yo jwenn enfòmasyon sou fason pou yo jwenn aksè nan youn nan divès opsyon ki pa chè pou gen aksè nan Wi-Fi.

Sitwèb DOE rezime plizyè opsyon gratis oswa bon mache kote yo ka jwenn sèvis entènèt san fil. Anplis, plis pase 200abri pwovizwa (shelter) pou moun sanzabri atravè Vil Nouyòk gen sèvis entènèt san fil epi Big Apple Connect ap asire moun ki abite nan NYCHA yo gen aksè entènèt gratis, rapid, fyab ak ansekirite.

Y ap mande lekòl yo pou pataje enfòmasyon sa yo avèk fanmi epi ede yo enskri pou opsyon ki pi bon dapre sitiasyon yo. Nou prevwa fanmi ki pa gen aksè Wi-Fi lakay yo pral kapab jwenn Wi-Fi gratis oswa a bon mache atravè yonn nan opsyon sa yo.

Si opsyon sa yo pa posib, lekòl yo ka achte epi bay yon hotspot ki gen LTE oswa aparèy san fil ak sèvis LTE atravè kontra ki egziste deja pou fanmi ki nan bezwen.

c) Règleman ak pwosedi

Règleman ak pwosedi dwe gen ladan:

- Atant pou manm estaf lekòl yo sou pwopòsyon tan yo pase nan enstriksyon senkwonize ak sa ki pa senkwonize nan jou aprantisaj adistans nan ka ijans ak yon atant entriksyon ki pa senkwonize se yon sipleman enstriksyon senkwonize.

- Yo egzije pwofesè ki nan lekòl ak founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related service) pou kreye salklas dijital sou yon platfòm DOE apwouve epi yo dwe ajoute tout elèv yo genyen. Nan ka lekòl oblije fèmen, y ap mande pwofesè lekòl ak lòt founisè sèvis obligatwa yo pou pase nan aprantisaj adistans senkwonize atravè salklas dijital la. Anplwaye yo ka gade Gid règleman travay pou salklas dijital (Labor Policy Guidance Digital Classroom) ki disponib nan sitwèb entèn DOE a.
- Yon deskripsyon sou fason enstriksyon an pral fèt pou elèv sa yo kote enstriksyon adistans atravè teknoloji dijital pa disponib oswa apwopriye. Lidè ki nan lekòl yo responsab pou asire gen yon sistèm anplas pou ede elèv jwenn aksè nan teknoloji ki lakay yo pou konekte avèk enstriksyon. Pou elèv aprantisaj adistans atravè teknoloji dijital pa apwopriye, yo atann pou pwofesè yo voye materyèl familye lakay yo epi ki aksesib pou elèv yo tankou pake travay reyèl, materyèl yo ka touche ak men yo pou sèvi avèk yo, liv, etc. Elèv ak moun k ap bay swen ka itilize materyèl sa yo yon fason ki pa senkwonize. Lekòl yo ta dwe konsidere pataje aktivite ak materyèl detanzantan nan plizyè moman nan ane lekòl la pou prevwa jou enstriksyon adistans posib. Pwen teknoloji lekòl yo pral kenbe yon liy kominikasyon ouvè ak fanmi yo pou ede yo ak pwoblèm teknoloji ki ka rive, lè sa nesèsè.
- Yon deskripsyon fason yo pral ofri edikasyon espesyal ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services) pou elèv ki gen andikap ak elèv preskolè ki gen andikap, jan sa aplikab, dapre pwogram edikasyon endividyèl (IEP) yo pou asire yo kontinye jwenn yon edikasyon leta gratis ki apwopriye. ~~Yo atann pou pwofesè ak founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related service) pase nan aprantisaj adistans senkwonize nan ka yon fèmti lekòl. Anplwaye yo ka gade Gid règleman travay pou salklas dijital (Labor Policy Guidance Digital Classroom) ki disponib nan sitwèb entèn DOE a.~~ Dapre IEP yo, yo pral ofri edikasyon espesyal ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services) pou elèv ki gen andikap ak elèv preskolè pandan aprantisaj adistans atravè yon konbinezon opòtinite aprantisaj senkwonize, sesyon enstriksyon endividyalize pou pratike konpetans ak estratejik dapre IEP a ak travay aprantisaj pou angaje menmlè timoun lan lakay. Yo atann pou founisè sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) yo kenbe orè sèvis avèk elèv yo atravè sesyon adistans yo nan limit ki posib. ~~Chak OT, PT~~ Chak terapi pou rekiperasyon, terapi fizik ak founisè terapi diskou dwe jwenn konsantman paran chak ane pou bay yon elèv sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related service) adistans. Y ap konsidere objektif IEP yo nan chak sesyon sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services) adistans. Si yo bezwen aprantisaj adistans sou yon peryòd pwolonje, founisè Related Services ap rete aksesib epi y ap kominike avèk fanmi ak elèv yo atravè platfòm kominikasyon ki apwouve sou yon baz konsistan.
- Lè gen yon jounen lekòl adistans, lekòl dwe asire tout elèv gen aksè nan yon aparèy elektwonik ki adapte jan yo di sa nan ~~Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP)~~ oswa plan 504 yo a. Sa gen ladan sistèm komonikasyon ogmantatif ak altènatif (Augmentative and Alternative Communication, AAC) yo ak lòt zouti tankou teknoloji pou sipò (AT). Pou asire yon itilizasyon efikas teknoloji sa yo pandan aprantisaj senkwonize, ekip santral AT a pral bay trening adistans ak asistans teknik. Yo kontwole tout aparèy AAC ak AT ekip santral AT a bay atravè sistèm jesyon aparey santralize ~~NYCPS la~~ DOE a pou asire bon fonksyonman ak sipèvizyon apwopriye aparèy yo. ~~Pou distri lekòl ki resevwa asistans fondasyon, kantite~~ Kantite èdtan enstriksyon ~~yo~~ DOE estime ~~distri lekòl la~~ epi gen entansyon mande pou rezon Èd eta a pou chak jou yo pase nan aprantisaj adistans akoz ka ~~ijans dapre seksyon 175.5~~ Chapitijan jan sa di nan lwa eta a. Kantite èdtan enstriksyon adistans la ap gen ladan kantite èdtan yo bay pou aprantisaj nan lekòl. Pou elèv ki nan klas kindergarten aplan ak klas 1ye ane jiska sizyèm ane, DOE gen entansyon mande 5 èdtan pa jou, epi pou elèv ki nan klas 7yèm-12yèm ane, DOE gen entansyon mande 5.5 èdtan pa jou.

10- Tanperati Plan pou tanperati maksimòm nan bilding ak ekipman lekòl

~~Lwa Edikasyon Eta Nouyòk seksyon 409-N~~ Lwa Edikasyon Eta Nouyòk seksyon 409-N (efektif apati 1ye septanm 2025) tabli règleman tanperati maksimòm pou bilding ak ekipman lekòl. Yo pral oblije lekòl pran mezi pou soulaje malèz ki gen rapò avèk chalè epi retire elèv ak manm estaf nan espas ki fè cho pou transfere yo yon kote ki miyò. Règleman an annantye pral parèt nan tout plan sekirite bilding lekòl ak administratif yo pou lidè bilding yo ka byen aplike yo. ~~Men kijan Rezime plan an ye:~~

Men kijan rezime plan an ye:

a) Definisyon

1. Jou li fè cho anpil: Jou lè espas kote sèvis edikasyon ak sipò yo bay rive nan 82°F oswa plis.
2. Espas sèvis sipò: Gen ladan biwo, bibliotèk, jimnazyòm, kafeteria (eksepte espas nan kuizin kote yo prepare manje).
3. Pran mezi tanperati: Pran l kote ki gen lonbraj, twa pye piwo planche a, toupre mitan sal la

b) Pwosedi pou diminye chalè (82°F oswa plis)

Lè tanperati anndan kay rive 82°F, lekòl yo dwe aplike mezi sa yo pou soulaje malèz ki gen rapò avèk chalè:

- Etenn limyè nan plafon yo lè sa posib, desann rido pou bloke reyon solèy la, itilize vantilatè pou ogmante sikilasyon lè, ouvè fenèt ak pòt (kote ki ansekirite), etenn elektwonik ou p ap sèvi ki kreye chalè, bay elèv ak manm estaf plis moman poz pou yo al bwè dlo, ajiste nivo aktivite fizik yo (paegzanp: limite aktivite ki fatigan nan jimnazyòm yo).

c) Plan pou relokasyon oswa ranvwa (88°F oswa plis)

Lè tanperati anndan kay rive 88° F, responsab bilding yo dwe travay ansanm avèk ekip enstalasyon pou aplike mezi ki apwopriye ki ka gen ladan (ak lòt bagay ankò) evalye mezi frechè ki disponib, transfere elèv ak manm estaf yon kote ki fè pi fre, oswa modifye orè travay ak lekòl yo.

Lidè lekòl ak lidè administratif bilding dwe itilize pwotokòl kominikasyon avèk estaf alèt pwotokòl kominikasyon an ak elèv lè tanperati a monte 88° F. Si gen ranvwa pi bonè oswa relokasyon, responsab lekòl yo dwe enfòmè paran yo atravè apèl otomatik, imèl oswa alèt distri. Yo pa ka fè okenn ajisteman dire jounen lekòl la oswa lage pi bonè san apwobasyon chanselye a.

d) Trening ak konfòmite

- Trening manm estaf: Lekòl yo dwe revize pwotokòl pou repons nan ka chalè chak ane.
- Kontwòl tanperati: Enjenyè teknik ki anchaj nan lekòl la pral tcheke tanperati nan espas ki gen gwo ris yo pandan avètisman chalè epi anrejistre tout plent ak efò pou diminye chalè nan bazdone vantilasyon DSF HVAC yo a.
- Rapò: Lekòl yo tou dwe dokimante ak rapòte ensidan ki gen rapò avèk chalè ba OORS epi yo dwe enfòmè biwo distri yo a, reprezantan sipèntandan EOC a, ak/oswa EOC a nan 718-233-8515, oswa pa imèl, nan EOC@schools.nyc.gov

e) Revizyon ak mizajou

Règleman sa dwe revize chak ane epi fè mizajou lè sa nesesè pou li ka reflekte pi bon pratik ak chanjman ki fèt nan regilasyon yo.

11- Règleman pou telefòn selilè ak aparèy elektwonik

Apèsi

~~Apati ane lekòl 2025–2026 la, dapre Lwa Eta Nouyèk, Lekòl Leta Vil Nouyèk (NYCPS) mete ajou Dapre Lwa Eta a, DOE genyen yon règleman ki konsènesou~~ itilizasyon aparèy elektwonik pèsònèl ki ~~genkonekte nan~~ entènèt, ladan telefòn selilè nan lekòl. Chanjman sa sipòte entansyon Eta a pou kreye lekòl san distraksyon epi vize pou asire yon anviwonman aprantisaj ki ansekirite, ki byen angaje atravè tout lekòl ~~NYCPSDOE~~ yo. Anba règleman yo fè mizajou sou li ki se, Règleman Chanselye A-413, elèv pa pa otorize itilize aparèy elektwonik pèsònèl ki gen entènèt pandan jounen lekòl la, alafwa lè y ap bay enstriksyon ak lè yo p ap bay enstriksyon, nan lokal lekòl la (anndan ak deyò teren lekòl la). Sa gen ladan aparèy tankou telefòn selilè, laptops, tablets, mizik pòtab ak sistèm amizman. Règleman an pa limite itilizasyon aparèy lekòl la bay, tankou laptops ak chromebooks, pou objektif yo te prevwa. Elèv ap kontinye itilize aparèy ~~NYCPS bayDOE ba yo~~ pou travay nan ~~sal klas aklas~~ ak lòt devwa ~~yo bay~~ nan lekòl la. ~~Elèv ka itilize aparèy elektwonik pèsònèl yo pou fè aktivite edikatif sèlman lè direktè/reprezantan bay otorizasyon pou sa; tanpri gade règleman sou aparèy lekòl ou a pou plis enfòmasyon.~~

Chak lekòl dwe devlope pwòp règleman alekri li konsènan itilizasyon aparèy elektwonik ki konsistan avèk Règleman Chanselye ~~a A-413~~. Yo pral kominike règ sa yo ba paran ak elèv nan kòmansman ane lekòl la oswa lè y ap enkri. Responsab lekòl ki pataje yon sèl kanpis pral mete ansanm pou devlope yon sèl règleman pou tout lekòl sou kanpis la dwe suiv. Paran dwe gade règleman sa yo avèk atansyon epi asire pitit yo a konprann règ ak pwosedi espesifik yo konsènan aparèy elektwonik pèsònèl nan lekòl li ye a, tankou ki kote ak kòman pou sere aparèy li a ansekirite.

Eksepsyon:

- Yo dwe otorize elèv jwenn aksè nan yon aparèy ki gen entènèt si yo mansyone sa nan ~~Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP)~~ li oswa plan 504 li.
- ~~Sèlman~~ ~~Elev~~ ~~ka~~ ~~itilize~~ ~~aparèy~~ ~~yo~~ lè yon responsab lekòl ~~la~~ otorize sa, ~~yo~~ ~~ka~~ ~~itilize~~ ~~aparèy~~ ~~la~~:
 - ~~Pou rezon edikatif, jan pwofesè mande sa epi responsab~~ ~~Lè direktè~~ lekòl la ~~oswa reprezantan li~~ otorize ~~sa pou yon rezon edikatif espesifik.~~
 - Pou elèv ki gen kondisyon medikal ki mande itilizasyon aparèy elektwonik pou kontwole yo, tankou monitè glikoz pou moun ki fè sik. Nan ka sa a, paran dwe enfòmè lekòl la epi bay tout dokiman nesèsè pou asire otorizasyon ak itilizasyon apwopriye.
 - Pou sèvis tradiksyon, ~~pou ede elèv ki bezwen sipò nan lang yo pale men ki ak entèpretasyon, si lòt mwayen tradiksyon oswa entèpretasyon~~ pa disponib ~~nan lekòl li a.~~
 - Pou elèv ki gen moun y ap okipe, sou yon baz ka pa ka. Yon sikològ, travayè sosyal, oswa konseye pedagogik lekòl la pral gade epi detèmine si li fè eksepsyon pou yo bay yon elèv ki anchaj lòt moun epi ki responsab regilyèman pou swen ak byennèt yon manm nan fanmi l.
 - Nan ka yon ijans endividyèl, kote paran an te fè responsab lekòl la konnen nati espesifik ijans lan.
 - Kote lalwa egzije otreman. Sa gen ladan sitiyaasyon kote lwa federal, eta a oswa lokal egzije itilize aparèy sa pou rezon espesifik.

Jere ijans:

Lekòl yo dwe bay omwen yon metòd kote paran ka kontakte pitit yo lè gen ijans, tankou yon nimewo telefòn dirèk. Paran dwe abitye yo avèk mwayen metòd kontak sa yo epi asire yo genyen enfòmasyon kontak nesèsè pou lekòl yo a. Nan ka gen yon ijans nan lekòl la, responsab lekòl la ap kontakte fanmi elèv la dirèkteman.

Vyolasyon règleman:

Si yon elèv itilize aparèy li san otorizasyon pandan jounen lekòl la, l ap sibi sanksyon pwogresif dapre règleman lekòl la ak kòd disiplin ~~NYCPSDOE~~ yo a. Savledi lekòl la ap pran yon seri entèvansyon ak konsekans k ap ogmante pou korije konpòtman an selon nati ak frekans vyolasyon an. Egzanp entèvansyon yo gen ladan konferans avèk paran elèv la, oswa, si konpòtman an deranje anpil, yo ka fè elèv la kite sal klas la. Yo pa ka

sispann yon elèv sèlman sou baz elèv te jwenn aksè nan yon aparèy elektwonik pèsònèl ki konekte nan entènèt ki an vyolasyon avèk règleman lekòl la.

12- Lwa Desha: Pwosedi arè kadyak ak defibrilatè ekstèn otomatik (Automated external defibrillator, AED) ak plan repons nan bilding.

~~Plan repons. Apèsi~~

~~Apati ane lekòl 2025-2026 la, dapre Lwa eta Nouyòk (Lwa Desha Plan repons sou ijans pou arè kadyak (Desha's Law Cardiac Arrest Emergency Response Plans), tout~~ Tout distri lekòl dwe satisfè egzijans dènnye amannman ~~sou lwa~~ ranpli kondisyon eta a sou pwosedi ki konsène arè kadyak ak ekipman AED. Sa gen ladan egziye pou règleman ak pwosedi pou repons sou arè kadyak sibat fè pati plan repons pou ijans onivo bilding epi enfòmasyon sou ekipman AED, antretyen ak siyalizasyon AED, epi pou trening sou sekirite lekòl ki konsène plan repons sou ijans kadyak parèt nan plan pou sekirite lekòl onivo distri . Detay sa yo parèt kounye a nan tout plan sekirite bilding lekòl epi komite sekirite lekòl nan chak bilding revize yo chak ane.

Egzijans yo, jan yo mete yo kounye a nan amannman ki fèt nan lwa edikasyon § 2801-a(2)(n), se:

- Itilize manm estaf ki apwopriye pou reponn avèk ensidan ki gen rapò avèk nenpòt moun k ap fè fas avèk arè kadyak sibat oswa ijans ki menase lavi moun menm jan an nan nenpòt sit lekòl la posede oswa ap dirije pa yon lekòl oswa nan yon lokal kote aktivite lekòl la patwone, tankou pwogram atletik yo men ki pa sa yo sèlman.
 - Kounye a, nan tout bilding lekòl, ekip lekòl yo resevwa trening nan CPR/AED tankou:
 - 2 estaf DOE (pou pi piti epi youn dwe nan ekip repons bilding lan)
 - Tout antrenè lig atlèt lekòl leta (lè sa aplikab)
 - Enfimyè lekòl
 - Tout ajan sekirite lekòl
 - Estaf patikilye k ap travay nan pwogram aprelekòl.
 - Pwosedi espesifik pou ensidan ki konsène moun ki fè arè kadyak sibat oswa yon ijans sanblab ki menase lavi yon n pandanl ap patisipe nan egzèsis atletic oswa aktivite k ap fèt sou pwopriyete lekòl la nan yon kote espesifik.
 - Plan repons CODE BLEU detaye nan chak plan sekirite lekòl epi egzèsis pou yo fèt nan chak bilding.
 - Entegrasyon eleman debaz yo rekonèt onivo nasyonal, ki baze sou prèv, tankou sa American Heart Association rekòmande yo.
 - Se sèl founisè ki sou kontra ki responsab pou fòmasyon tout estaf lekòl yo idantifye kòm sekouris CPR/AED ki ka fè sa. Se biwo sante lekòl NYCDOE ki jere inisyativ sa.
 - Konsiderasyon sou kòman pou entegre pi byen plan repons ijans kadyak yo nan kominote sèvis medikal ijans (Emergency Medical Services, EMS) pwotokòl sekouris yo.
 - Tout ensidan arè kadyak yo mande pou rele 911 nan telefòn, rele tou ajan sekirite lekòl NYPD a k ap inisyè yon kòd repons ijans nan radyo ofisyèl alevini NYPD a k ap mande FDNY/EMS pou reponn.

Dokiman enpòtan sa yo fè pati Kòd konduit la ak Plan sekirite onivo Distri DOE a.

Regleman Chanselye A-411 Rediksyon/entèvansyon pwoblèm konpòtman ak kontakte 911

Règleman Chanselye A-412 Regleman Chanselye A-412 sekirite nan lekòl

Règleman Chanselye A-413 Itilizasyon telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik anndan lekòl

Règleman Chanselye A-414 Plan sekirite

Règleman Chanselye A-415 Sistèm avètisman Depatman Edikasyon pou ijans

Regleman Chanselye A-418 Avètisman sou agresè seksyèl

Règleman Chanselye A-420 Pinisyon kòporèl

Règleman Chanselye A-421 sou abi vèbal

Règleman Chanselye A-432 Fouy ak sezi

Regleman Chanselye A-443 Pwosedi pou disiplin elèv

Règleman Chanselye A-449 Transfè sekirite

Règleman Chanselye A-450 pwosedi pou transfè envolontè

Règleman Chanselye A-750 Abi sou timoun

Regleman Chanselye A-755 Prevansyon suisid /entèvansyon

Regleman Chanselye A-830 Pote plent entèn pou diskriminasyon/arasman ki ilegal

Regleman Chanselye A-831 Arasman seksyèl ant kamarad

Regleman Chanselye A-832 Arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon ant elèv

Respè pou tout moun: Fè prevansyon ak reponn pwoblèm diskriminasyon, arasman seksyèl ak lòt arasman, entimidasyon ak bullying ant elèv

MOU ki revize ant DOE, NYPD ak Vil Nouyòk

Atant Konpòtman Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv (Kòd disiplin K-5)

Atant Konpòtman Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv (Kòd disiplin 6-12)

Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran

Gid paran pou preparasyon sekirite ak ijans nan lekòl Regleman sou itilizasyon ak sekirite sou entènèt

Social Media Guidelines for Students 12 and Younger

Social Media Guidelines for Students Over 13

ACS - Parent Handbook (nyc.gov)